

ANPECHE PWOPAGASYON COVID-19 NAN VIL NEW YORK!

PRAN PREKOSYON SA YO:



Rete lakay ou si ou malad

Soti sèlman pou swen ak tès medikal esansyèl oswa pou lòt komisyon esansyèl.



Kenbe distans fizik

Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.



Kouvri figi w

Ou kapab kontajye san ou pa gen sentòm. Kouvri figi w pou pwoteje moun ki antoure ou yo.



Kenbe men w pwòp

Lave men w souvan avèk savon ak dlo oswa sèvi avèk dezenfektan pou men si pa gen savon ak dlo ki disponib.



Fè tès: Gen kote pou fè tès COVID-19 gratis nan toulesenk minisipalite yo. Pou jwenn yon sit tès, vizite nyc.gov/covidtest.

Si w gen plis risk pou w vin malad grav ak COVID-19, ou dwe rete lakay ou leplis posib tou. Moun ki gen plis risk yo se granmoun ki gen laj omwen 50 an (granmoun ki gen laj omwen 65 an yo gen plis risk toujou), ak moun ki gen lòt pwoblèm sante.

Pou dènye enfòmasyon yo, ale sou nyc.gov/coronavirus.